



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RALYE POU LWA SOU CHWA PARAN NAN EDIKASYON

ATANSYON ESTASYON TELEVIZYON YO: Videyo, Odyo ak Foto Anba

Gouvènè a ap pale nan Legliz Brooklyn yo pou ralye sipò nan lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon

Gouvènè a rejwenn Paran, Elèv ak Ofisyèl eli yo nan Yeshiva Shaare Torah nan Midwood pou ralye sipò pou lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te entwodi Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon an ki pral sipòte epi pwoteje opsyon lekòl altènatif pou paran ak elèv atravè Eta New York. [Anonse semèn pase](#) pa Gouvènè a, Lwa a pral bay \$150 milyon nan kredi taks edikasyon chak ane kap atenn atravè yon varyete aspè nan sistèm education an.

Gouvènè a te rankontre paran, elèv, ofisyèl eli yo ansanm avèk lidè kominote yo nan Yeshiva Shaare Torah nan Brooklyn pou ralye sipò pou Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon. (Gade [FOTO](#) ak [VIDEYO](#) epi tande [ODYO](#) Rasanbleman an.)

Gouvènè Cuomo te vizite tou epi li te pran lapawòl nan kat legliz nan Vil New York:

Legliz St. Mark Episcopal ([FOTO](#), [ODYO](#), [VIDEYO](#))

Concord Baptist Church of Christ ([ODYO](#))

First Baptist Church of Crown Heights ([FOTO](#), [ODYO](#))

St. Jude's Shrine Church ([FOTO](#), [ODYO](#), [VIDEYO](#))

“Sa a se osijè egalite e li osijè paran yo kap chwazi lekòl ki bon pou timoun yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nou dwe rekonpanse donasyon pou sipòte lekòl piblik yo, bay kredi taks pou pwofesè yo ki achte founiti salklas yo avèk lajan ki soti nan pòch yo, epi fasilite chaj finansye sou fanmi yo kap egzèse chwa lè yo voye pitit yo nan lekòl ki

pa piblik. Mwen kontan dèske mwen rejwenn lidè lokal yo ki sipòte pwoblèm enpòtan sa yo epi konprann kijan nou bezwen pou fè sa reyalize.”

Lwa a prevwa \$150 milyon nan kredi enpo pou edikasyon chak ane ki pral founi:

1. Kredi enpo pou fanmi ki gen revni fèb ki voye pitit yo nan lekòl ki pa piblik,
2. Bous detid pou elèv ki gen revni fèb ak mwayen ka ale swa nan yon lekòl piblik andeyò distri yo oswa yon lekòl ki pa piblik,
3. Avantaj pou ankouraje lekòl piblik fè pwogram edikasyon amelyore (tankou aktivite apre lekòl); epi,
4. Kredi enpo pou pwofesè lekòl piblik pou yo achte founiti

400.000 elèv, oswa apeprè 15 pousan tout elèv nou yo nan Eta New York frekante lekòl ki pa piblik, sa ki bay yon altènatif edikasyon enpòtan nan prèske tout kwen nan Eta New York – sitou nan kominote kote lekòl piblik ki la yo ap fè echèk. Pou kounye a gen 178 lekòl piblik kap fè echèk nan Eta New York – kote anpil ladan yo ap echwe depi dis lane oswa plis.

Malgre enpòtans yo kòm opsyon altènatif pou paran ak elèv nan distri kap echwe yo, anpil lekòl pawasyal nan Eta New York gen pwoblèm lajan epi li ka chèche anpil pou paran enskri pitit yo nan lekòl sa yo. Nan tout eta a, plis pase 75 lekòl pawasyal fèmèn nan senk lane ki fenk sot pase yo, epi frè skolè mwayen ka rive jiska \$8,500 pou chak elèv chak ane.

Kidonk, Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon pral sipòte altènatif enpòtan pou paran atravè eta a – enpòtan sitou pou fanmi fèb revni ak fanmi kap viv nan distri chaje oswa fanmi kap viv nan distri chaje ak moun oswa kap echwe.

Kredi Edikasyon pou Chwa Fanmi

Pòsyon \$70 milyon sa nan Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon an pral founi kredi pou fanmi elèv ki nan lekòl ki pa piblik. Fanmi ki gen revni pi ba \$60,000 chak ane tap kalifye pou \$500 pou chak elèv pou depans frè skolè nan lekòl ki pa piblik ak lekòl piblik andeyò distri a. Sa pral nan avantaj apeprè 140,000 timoun ak apeprè 82,000 fanmi atravè eta a.

Kredi Enpo pou Bous Detid ak Pwogram Edikasyon

Pòsyon sa nan Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon an gen de eleman. Premye an

prevwa \$50 milyon nan kredi pou sipòte bous detid pou elèv fèb revni ak lòt elèv nan klas P-12 ki nan lekòl ki pa piblik. Dezyèm lan prevwa \$20 milyon nan kredi pou finanse pwogram edikasyon nan lekòl piblik ak pou òganizasyon ki pap fè lajan kap bay sipò.

\$67 Milyon nan Bous Detid pou Elèv ki gen Fèb Revni ki nan Lekòl Prive nan Klas P-12:

Kredi enpo sa ki antou \$50 milyon pral bay plis aksè nan lekòl ki pa piblik pou fanmi ki ka pa anmezi pou peye frè skolè grasa yon bourad lajan \$67 milyon nan bous detid pou ede elèv ki gen fèb revni ak lòt elèv ale nan lekòl prive oswa piblik andeyò distri. Moun ak biznis kapab resevwa yon kredi enpo pou jiska 75 pousan don yo fè nan òganizasyon ki pap fè lajan kap bay bous detid pou elèv nan klas P-12. Òganizasyon sa yo pral bay bous detid nan lekòl prive ak lekòl piblik ki pa nan distri sou bas bezwen lajan fanmi elèv yo.

\$27 Milyon pou Pwogram Lekòl Piblik: Dapre pòsyon sa nan Kredi Enpo pou Bous Detid ak Pwogram Edikasyon an, elèv ak edikatè lekòl piblik pral benefisye nan \$27 milyon ki nan nouvo fon lajan pou pwogram amelyorasyon edikasyon. Moun ak biznis pral kapab resevwa antou \$20 milyon nan kredi enpo pou jiska 75 pousan don yo fè nan lekòl piblik ak òganizasyon ki pap fè lajan kap sipòte pwogram edikasyon lekòl piblik, san bliye pwogram Pre-Kindergarten ak pwolongasyon lajounen.

Kredi pou Materyèl ak Founiti Lenstriksyon

Konpozan \$10 milyon sa nan Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon an prevwa yon kredi enpo jiska \$200 pou chak edikatè lekòl piblik pou sipòte acha materyèl ak founiti lenstriksyon pou itilizasyon nan sal klas pwofesè. Kredi sa pral nan avantaj edikatè ak elèv nan tout eta a, epi li pral bay sou yon baz premye arive premye sèvi.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418